

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kiwari nulis téh kudu geus jadi hiji kabiasaan utamana keur siswa, lantaran kacida pentingna keur kahirupan sapopoé. Salasahiji mangpaatna, pikeun ngedalkeun eusi pikiran. Teu salawasna naon nu aya dina pikiran téh bisa dikedalkeun sacara lisan, tapina bisa dikedalkeun dina wangun tulisan ogé. Ku lantaran kitu nulis jadi bagéan tina opat kaparigelan basa. Ieu pamadegan saluyu jeung Haerudin (2013, kc. 1), yén kaparigelan basa Sunda diwangun ku opat aspék, nya éta aya ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Luyu jeung pamadegan Mulyati (2015, kc. 4), kaparigelan basa dibagi kana dua bagéan, nya éta aspék réséptif jeung aspék produktif. Aspék réséptif miboga sipat narima sedengkeun aspék produktif miboga sipat ngahasilkeun. Tangtuna teu unggal jalma bisa ngawasa kana éta opat aspék. Aya nu parigel nyarita tapi dina nulis kurang, aya nu parigel maca tapi dina ngaregepkeun kurang. Kitu ogé sabalikna. Ieu hal téh lantaran dumasar kana kamampuh séwang-séwangan nu dipiboga ku unggal jalma.

Tapi éta kaparigelan basa bisa dilatih ku prosés atikan. Lantaran pendidikan jadi salasahiji tarékah pikeun ngaronjatkeun potensi siswa. Ieu hal saluyu jeung Sanusi (dina Samsudin, 2012 kc. 2), ‘*bahwa fungsi utama pendidikan akan bergeser dari memberitahu, mengajar, membina, mengembangkan apa-apa dari orang lain kepada membelajarkan orang lain mendorong orang lain aktif sendiri. Titik berat bergeser dari memberdayakan semua potensi diri.*’ Ku lantaran kitu kaparigelan basa bisa dikawasa ku cara ngalatih kamampuh diri.

Pedaran di luhur nyoko kana pamadegan para ahli (dina Haerudin, 2013 kc. 4), aya sababaraha faktor nu mangaruhan kana kaparigelan basa, nya éta 1) latihan, 2) kabiasaan, jeung 3) padika. Ku lantaran kitu, sangkan ngawasa kamampuh nulis, dibutuhkeun tarékah ti pribadina sangkan bisa ngawasa. Loba anggapan yén nulis mangrupa kagiatan nu hésé. Salasahiji contona dina nulis

aksara Sunda. Lantaran dina ieu aksara miboga aturan jeung kaédah-kaédah nu tangtu, boh dina aksara ngalagena, boh dina aksara vokal, angka jeung dina rarangkénna. Ku lantaran kitu, sangkan bisa nulis aksara Sunda nu hadé diperlukeun latihan, kabiasaan, jeung padika.

Kamampuh siswa dina nulis utamana nulis aksara Sunda, tangtuna bédabéda. Aya nu rapih, nu kurang rapih, ogé aya nu teu rapih. Utamana dina nuliskeun hurup ngalagena, vokal, rarangkén, jeung angka, masih aya nu patukeur, tulisanna kurang merenah, jeung sajabana. Cindekna dina nulis aksara Sunda kudu merhatikeun kaédah-kaédahna, sangkan hasilna hadé. Lain saukur benerna wungkul tapi ogé éstétikana (kaéndahan).

Aturan pikeun ngamumulé aksara Sunda geus diatur ku Pamaréntah ku cara ngadumaniskeun pangajaran aksara Sunda kana muatan lokal basa Sunda, nu aya dina struktur kurikulum atikan dasar ti SD nepi ka SMA/SMK di Jawa Barat. Dumasar UUD 1945, BAB XV, pasal 36 anu nétélakeun “di wewengkon anu mibanda basa indung, anu dipiara ku rahayatna kalawan hadé, éta basa téh bakal diajénan jeung dijaga ku nagara”. Aturan séjéenna nya éta Perda no.14 taun 2014 anu medar ngeunaan ngamumule basa, sastra, jeung aksara daerah (Kemenhum, 2014, kc.1). Tanggal 16 Juni 1999 ditetepkeun deui Surat Kaputusan Gubernur Kepala Daerah Tingkat 1 Jawa Barat No.434/SK.614/dis-pk/1999 ngeunaan *pembakuan* aksara Sunda (Baidillah dina Apriani, 2016 kc. 45). Ku kituna tarékah pamaréntah kuat pisan pikeun ngamumulé aksara daerah.

Lian ti tarékah pamaréntah pikeun ngahudang karep siswa dina ngamumulé aksara Sunda, ogé ku diayakeun kagiatan-kagiatan di antarana pasanggiri nulis jeung maca aksara Sunda, pasanggiri lukisan aksara Sunda, jeung sajabana. Salian ti pamaréntah, masarakat ogé kudu ngarojong kana aturan anu ditetepkeun ku pamaréntah. Salasahiji pasanggiri nu sok diayakeun nyaéta Pasanggiri Nulis Aksara Sunda dina kagiatan Riksa Budaya Sunda nu diayakeun ku Himpunan Mahasiswa Pendidikan Basa jeung Sastra Sunda (Hima Pensatrada) Universitas Pendidikan Indonesia. Ieu kagiatan miboga udagan pikeun ngamumulé basa Sunda ku ngayakeun pasanggiri, kalawan pamilonna siswa SMA/SMK satata sa-Jawa Barat.

Panalungtikan saméméhna anu ngabahas ngeunaan aksara Sunda di antarana ku Errin Ervani kalayan judul “Média Flash Card pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-I Semester 1 SMA Negeri 1 Majalaya Taun Ajaran 2012/2013)”. Salian ti éta aya ogé panalungtikan nu dilakukeun ku Eggy Aditiar kalayan judul “Média Game Flash dina Pangajaran Maca Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérимén ka Kelas V-A SD Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2015/2016)”. Aya ogé nu nalungtik kana kasalahan nulis aksara, anu dilakukeun ku Huriyati Falastin ti Universitas Negeri Yogyakarta, kalayan judul “Analisis Kesalahan Bentuk dalam Keterampilan Menulis Suku Kata Beraksara Jawa Siswa Kelas IV SD Negeri 1 Kretek, Bantul, Yogyakarta.”

Bédana panalungtikan nu dilakukeun di luhur jeung ieu panalungtikan nya éta panalungtikan di luhur leuwih kana média nu dipaké pikeun bahan pangajaran, jeung nalungtik kasalahan nulis aksara. Sedengkeun ieu panalungtikan leuwih medar kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda, anu ngawengku kamampuh nulis hurup konsonan, kamampuh nulis rarangkén, kamampuh nulis vokal, jeung kamampuh nulis angka dumasar kana katepatanna. Ku lantaran kitu dumasar kana kasang tukang nu dijéntrékeun di luhur, nu nyusun baris nalungtik kalayan judul “Kamampuh Nulis Aksara Sunda Siswa SMA/SMK Satata Sa-Jawa Barat dina Pasanggiri Riksa Budaya Sunda 2018.”

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan nya éta dirumuskeun ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh siswa SMA/SMK dina nulis hurup konsonan aksara Sunda?
- 2) Kumaha kamampuh siswa SMA/SMK dina nulis rarangkén aksara Sunda?
- 3) Kumaha kamampuh siswa SMA/SMK dina nulis vokal aksara Sunda?
- 4) Kumaha kamampuh siswa SMA/SMK dina nulis angka aksara Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan pikeun mikanyaho kamampuh nulis aksara Sunda siswa SMA/SMK Satata sa-Jawa Barat dina Pasanggiri Riksa Budaya Sunda 2018. Nurutkeun Thoha (dina Sanjaya, 2016, kc. 1), ‘*kemampuan merupakan salah satu unsur dalam kematangan berkaitan dengan pengetahuan atau keterampilan yang dapat diperoleh dari pendidikan, pelatihan, dan pengalaman.*’ Dumasar éta pamadegan bisa dicindekkeun yén kamampuh mangrupa hiji ukuran nu dipiboga ku unggal individu.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa SMA/SMK satata sa-Jawa Barat dina Pasanggiri Riksa Budaya Sunda 2018.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Kamampuh siswa SMA/SMK dina nulis hurup konsonan aksara Sunda.
- 2) Kamampuh siswa SMA/SMK dina nulis rarangkén aksara Sunda.
- 3) Kamampuh siswa SMA/SMK dina nulis vokal aksara Sunda.
- 4) Kamampuh siswa SMA/SMK dina nulis angka aksara Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga sababaraha aspék mangpaat, di antarana (1) mangpaat tina segi tioritis, (2) mangpaat segi praktik, jeung (3) mangpaat tina segi isu sarta aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat sacara tioritis tina ieu panalungtikan nya éta sangkan ngajembaran pangaweruh dina hal kaaksaraan, yén kudu taliti dina nulis aksara Sunda dumasar kana kaédah-kaédah nu tangtu.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun panalungtik, ngajembaran paélmuan nu keur ditalungtik.

Lita Utami, 2018

**KAMAMPUH NULIS AKSARA SUNDA SISWA SMA/SMK SATATA SA-JAWA BARAT
DINA PASANGGIRI RIKSA BUDAYA SUNDA 2018**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Pikeun masarakat, sangkan wanoh leuwih teleb deui kana aksara Sunda.
- 3) Pikeun guru basa Sunda, ngalempeng matéri aksara Sunda yén perluna kaédah-kaédah tata cara nulis aksara Sunda nu hadé.
- 4) Pikeun mahasiswa, ngalempeng tata cara nulis aksara Sunda nu hadé, yén nulis aksara Sunda téh kudu taliti.

1.4.3 Mangpaat tina segi isu sarta aksi sosial

Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun cara pikeun ngawangun kaparigelan nulis hususna dina nulis aksara Sunda.

1.5. Sistematika Tulisan

Sistematika dina ieu skripsi ngawengku lima bab, nya éta dipedar ieu di handap.

Bab I eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat tina segi praktis, jeung mangpaat tina segi isu sarta aksi sosial. Nu pamungkas, sistematika tulisan.

Bab II eusina ngeunaan tiori-tiori nu jadi dasar pikeun panalungtikan. Dina ieu bab aya ulikan pustaka, nu mangrupa landasan tioritis dina nyusun rumusan masalah jeung ngajawab tujuan panalungtikan.

Bab III eusina ngeunaan désain panalungtikan, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung sumber data.

Bab IV eusina ngeunaan déskripsi tur analisis data tina objék nu ditalungtik.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan, sarta méré saran atawa rékoméndasi keur nu maca.